



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENFÒMASYON AN DETAY SOU KRITÈ POU TI FWAYE COVID-19 YO**

***Zòn wouj ak jòn abriko yo chanje nan "jòn" baze sou pwogrè ki fèt nan 14 jou pase yo***

***Zòn Konte Rockland, Orange ak Broome yo pral rete menm jan jiskaske yo satisfè kritè pou redwi restriksyon yo***

***Nouvo zòn entèvansyon yo pou konte Steuben ak Chemung yo***

***Enfòmasyon an detay konplè sou kritè ki dispnib yo [isit la](#)***

***Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 1.62 pousan***

***Pousantaj tès pozitif nan zòn sansib yo se 6.61 pousan; Pozitivite Eta New York san espas entèvansyon nan zòn wouj yo pa ladan se 1.42 pousan***

***7 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay jodi a enfòmasyon an detay sou kritè estrateji pou ti fwaye COVID-19 Eta New York yo. Apre 14 jou nan siveyans done yo, Gouvènè a te prezante modifikasyon nan kèk zòn entèvansyon aktyèl yo, li te etabli nouvo modifikasyon nan zòn kote ki genyen nouvo ogmantasyon nan ka yo, epi li te fikse kritè pou zòn yo soti nan yon zòn entèvansyon. Estrateji ti fwaye New York yo detekte ti epidemi yo epi li pran mezi pou elimine yo.

Yo dezinye espas entèvansyon "Zòn fwaye" yo sou baz prevalans jewografik ka yo epi yo aplike restriksyon yo an konsekans baze sou gravite pwopagasyon an. Yo enpleman zòn tanpon avèk mwens restriksyon andeyò zòn ki plis afekte yo pou ede anpeche plis pwopagasyon. Apre 14 jou, yo pral revize done yo pou detèmine si wi oswa non yon zòn entèvansyon te redwi avèk siksè pwopagasyon viral la pou nan nivo kote yo kapab aleje restriksyon yo.

Chanjman nan zòn restriksyon yo ak nouvo zòn fwaye yo ap antre an vigè demen pou biznis ak tanp adorasyon yo, epi lendi pou lekòk ki afekte yo.

"Nou genyen sa nou kwè ki sistèm deteksyon ak eliminasyon COVID-19 ki pi sofistike pase nenpòt Eta paske nou te pase tan, nou te angaje nou epi paske Nouyòkè yo te angaje yo. Kisa ki se pi bon bagay ou kapab fè? Detekte ti epidemi yo pi bonè depi yo parèt", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Retrase li nan kote li te kòmanse a, jwenn yon ti epidemi oswa fwaye, epi sote sou li. Aksyon rapid pou kenbe li epi elimine li. Sa se pi bon bagay ou kapab fè nan sitiyasyon sa a. Ou wè yon teren ki gen yon ti dife nan zèb ki sèch, sone alam lan, tout moun kouri, etenn ti dife a. Ti dife yo se sa nou rele ti fwaye yo, epi nou kapab idantifye yo apati done tè yo, ki soti nan done sou ospitalizasyon yo, ak lojisyèl katografi yo".

### **Idantifye ak aplike zòn entèkansyon**

Siveyans chak jou pèmèt Eta a idantifye zòn ki ap eksperimente yon ogmantasyon ki enkyetan nan pwopagasyon COVID la. Yon fwa yon zòn satisfè kèk kritè yo - jan yo bay enfòmasyon an detay sou sa anba a - ki demontre pwopagasyon COVID ki siyifikatif, yo gendwa dezinye li : yon "Zòn Ti Fwaye Wouj" (avèk zòn tanpon Jòn Abriko ak/oswa Jòn ki akonpanye li) oswa yon Zòn Avètisman Jòn Abriko (avèk potansyèl pou Zòn Tanpon Jòn) oswa sèlman yon Zòn Prekosyon Jòn. Nan espas iben ki gen anpil moun, yo gendwa egzije de (2) zòn tanpon - yon Zòn Tanpon Jòn Abriko ak yon Zòn Tanpon Jòn.

- **Zòn Wouj — Ti Fwaye:** Yo mete yon espas entèkansyon "Zòn Wouj" anplas pou anpeche pwopagasyon nan yon espas jewografik, espesifik, byen defini.
- **Zòn Jòn Abriko — Avètisman/Tanpon:** Yo mete anplas yon espas Zòn Jòn Abriko oswa prensipalman nan yon espas iben ki gen anpil moun kòm yon zòn tanpon ki ozanviwon yon espas ("Zòn Tanpon Jòn Abriko") ti fwaye Zòn Wouj OSWA yo aplike li yon fason endepandan kòm yon espas entèkansyon baze sou kritè ("Zòn Avètisman Jòn Abriko") ki anba la a. Objektif yon Zòn Tanpon Jòn Abriko se pou 1) limite aktivite pou anpeche plis pwopagasyon ki soti nan espas Zòn Wouj la; 2) bay yon espas jewografik byen defini kote yo kapab siveye kritè yo chak jou pou asire COVID pa pwopaje pi lwen Zòn Wouj la.
- **Zòn Jòn — Prekosyon/Tanpon** Yo mete anplas yon espas "Zòn Jòn" oswa kòm yon espas tanpon ki pi gran pou asire ke epidemi COVID la pa pwopaje nan kominote ki pi gran an ("Zòn Tanpon Jòn") OSWA yo aplike li yon fason endepandan baze sou kritè ("Zòn Prekosyon Jòn") ki anba la a. Objektif yon Zòn Tanpon Jòn se pou 1) limite kèk aktivite pou ede anpeche plis pwopagasyon ki soti nan espas Zòn Wouj ak/oswa espas Zòn Avètisman Jòn Abriko a; 2) bay yon espas jewografik byen defini kote yo kapab siveye kritè yo chak jou pou asire COVID pa pwopaje pi lwen Zòn Wouj la oswa Zòn Avètisman Jòn Abriko a.

Espas Jewografik	KRITÈ SIB POU ANTRE NAN ZÒN	KRITÈ SIB POU ANTRE NAN ZÒN	KRITÈ SIB POU ANTRE	FAKTÈ ANPLIS POU
------------------	-----------------------------	-----------------------------	---------------------	------------------

	PREKOSYON JÒN	AVÈTISMAN JÒN ABRIKO	NAN ZÒN TI FWAYE WOUJ	ANTRE NAN TOUT ZÒN YO
<p><b>Nivo 1</b> Espas jewografik (Kòd postal, tras resansman, etc.) la sitiye nan yon konte ki gen 900,000 moun oswa plis oswa li sitiye nan vil ki gen 90,000 moun oswa plis.</p> <p>Yo ajoute nan Nivo 1: Awondisman Vil New York yo; Konte Nassau, Suffolk, Westchester, Erie; vil Buffalo, Rochester, Syracuse, Albany, Yonkers</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 2.5% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 10 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 3% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 10 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 4% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 10 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen minimòm 5 nouvo ka pa jou sou yon mwayèn 7 jou pou espas jewografik yo (sa vle di Kòd Postal) ki genyen 10,000 oswa plis rezidan yo, minimòm 3 nouvo ka pa jou sou yon mwayèn 7 jou pou espas ki genyen mwens pase 10,000 rezidan yo</p> <p><u>AK</u></p>
<p><b>Nivo 2</b> Espas jewografik (Kòd postal, tras resansman, etc.) la sitiye nan yon konte ki gen 150,000 moun oswa plis (ak jiridiksyon pa ajoute nan Nivo 1 an). Konte ki ajoute nan Nivo 2 a gen ladan:</p> <p>Konte Monroe; Onondaga; Orange; Rockland; Albany;</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 3% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 12 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 4% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 12 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 5% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p>	<p>Ogmantasyon nan ka oswa pozitivite yo reflekte pwopagasyon nan kominote a epi yo pa kapab eksplike sa an grann pati ak yon fwaye transmisyon nan yon sèl enstitisyon (pa egzanp mezon</p>

<p>Dutchess; Saratoga; Oneida; Niagara; Broome; Ulster; Rensselaer; ak Schenectady</p>		<p>sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen 12 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>retrèt yo, izin yo, inivèsite, etc.) oswa kay</p> <p><u>AK</u></p> <p>Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a an konsiltasyon</p>
<p><b>Nivo 3</b> Espas jewografik (Kòd postal, tras resansman, etc.) la sitiye nan yon konte ki gen 50,000 moun oswa plis.</p> <p>Konte ki nan Nivo 3 a gen ladan:</p> <p>Konte Chautauqua; Oswego; Jefferson; Ontario; St. Lawrence; Tompkins; Putnam; Steuben; Wayne; Chemung; Clinton; Cayuga; Cattaraugus; Sullivan; Madison; Warren; Livingston; Herkimer; Washington; Otsego; Columbia; Genesee; Fulton; Franklin</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 3,5% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 15 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 4.5% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 15 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 5.5% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 15 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>avèk depatman sante a, jwenn ke baze sou kritè ki nan lis anwo a, ak lòt faktè epidemyolojik yo, tankou yon tandans alawos nan admisyon lopital total ak chak jou yo ki soti nan rezidan espas rejyon sa a, ke yon dezinyasyon zòn apwopriye.</p>
<p><b>Nivo 4</b> Espas jewografik (Kòd postal, tras resansman, etc.) la sitiye nan yon konte ki gen mwens pase 50,000 moun</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 4% pandan 10 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou 7 jou ki piwo pase 5% pandan 10 jou</p>	<p>Espas jewografik ki genyen yon pozitivite mwayèn mobil sou</p>	

<p>Konte ki nan Nivo 4 la gen ladan:</p> <p>Konte Montgomery; Tioga; Cortland; Chenango; Greene; Allegany; Delaware; Orleans; Wyoming; Essex; Seneca; Schoharie; Lewis; Yates; Schuyler; Hamilton</p>	<p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 15 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 15 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	<p>7 jou ki piwo pase 6% pandan 10 jou</p> <p><u>AK</u></p> <p>Espas jewografik ki genyen 15 oswa plis nouvo ka chak jou pou 100,000 rezidan sou yon mwayèn 7 jou</p>	
---	--	--	---	--

### Kritè pou Sòti nan yon Zòn Entèkansyon

Aprè 14 jou yo te plase yon espas nan yon zòn entèkansyon, DOH Eta a, an kòdinasyon avèk depatman sante lokal la, epi an kòdinasyon avèk ekspè sante global yo, pral detèmine si wi oswa non done yo demontre sifizaman ke espas la genyen pwopagasyon viral ki redwi avèk siksè nan yon nivo ki kapab kenbe tès yo bay yo, retrase kontak yo ak lòt kritè sistèm sante yo. Baze sou kritè ki anba la a ak konsèy ekspè yo, DOH Eta a pral deside si wi oswa non yo pral etann, modifiye (retrase fwontyè jewografik yo baze sou prevalans ka yo ak done pozitivite yo), oswa mete fen nan Zòn Entèkansyon an. Pou Zòn Abriko ak Jòn ke yo mete anplas sèlman kòm "zòn tanpon" pou siveye pwopagasyon ka yo pi lwen pase yon zòn entèkansyon ki dezinye, se sa yo pral evalye sou baz done pozitivite yo, ka pa tèt abitan yo, ak admisyon lopital chak jou plis pase peryòd 14 jou total la pou asire ke pa genyen okenn siy pi gran pwopagasyon ki soti nan espas entèkansyon ki te ankouraje kreyasyon zòn lan. Si apre 14 jou pa gen okenn ogmantasyon remakab nan pozitivite, nouvo ka yo, oswa nouvo admisyon lopital ki soti nan zòn tanpon an, zòn tanpon an pral - baze sou lòt faktè epidemyolojik yo - vini elijib pou kalifye pou yon nouvo dezinyasyon zòn, oswa fini kòm yon zòn dezinyasyon, si sa apwopriye.

<p><b>Espas Jewografik</b></p>	<p><b>KRITÈ SIB POU KITE NENPÒT ESPAS ZÒN</b></p>	<p><b>KRITÈ SIB POU KITE ZÒN AVÈTISMAN JÒN ABRiko</b></p>	<p><b>KRITÈ SIB POU KITE ZÒN TI FWAYE WOUJ</b></p>	<p><b>FAKTÈ ANPLIS POU DESIZYON SOU DEZINYASYON TOUT ZÒN YO</b></p>
--------------------------------	---	---	--	---

<p><b>Nivo 1</b> Espas jewografik (Kòd postal, tras resansman, etc.) la sitiye nan yon konte ki gen 900,000 moun oswa plis oswa li sitiye nan vil ki gen 90,000 moun oswa plis.</p> <p>Yo ajoute nan Nivo 1: Awondisman Vil New York yo; Konte Nassau, Suffolk, Westchester, Erie; vil Buffalo, Rochester, Syracuse, Albany, Yonkers</p>	<p>Espas Jewografik la demontre rediksyon nan to pozitivite yo (mwayèn mobil 7 jou chak jou) pandan yon peryòd 10 jou EPI li genyen yon to pozitivite 1.5% (mwayèn mobil 7 jou) pandan omwen 3 jou konsekitif nan fen peryòd 10 jou a.</p>	<p>Espas Jewografik la demontre rediksyon nan to pozitivite yo (mwayèn mobil 7 jou chak jou) pandan yon peryòd 10 jou EPI li genyen yon to pozitivite 2% (mwayèn mobil 7 jou) pandan omwen 3 jou konsekitif nan fen peryòd 10 jou a.</p>	<p>Espas Jewografik la demontre rediksyon nan to pozitivite yo (mwayèn mobil 7 jou chak jou) pandan yon peryòd 10 jou EPI li genyen yon to pozitivite 3% (mwayèn mobil 7 jou) pandan omwen 3 jou konsekitif nan fen peryòd 10 jou a.</p>	<p><u>OSWA</u></p> <p>Depatman Sante (DOH) a, an kòdinasyon avèk depatman sante lokal la, gendwa jwenn ke baze sou kritè ki nan lis piwo a yo, konsiderasyon epidemyolojik yo ak/oswa lòt faktè apwopriye yo, oswa lòt sikonstans ke yon nouvo dezinyasyon zòn apwopriye, oswa yo egzije done anplis avan yon nouvo dezinyasyon zòn kapap fèt.</p> <p>Kondisyon anplis gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tandans nan admisyon lopital chak jou yo ki soti nan espas jewografik</li> <li>• Yon konklizyon ke nouvo ka yo gen rapò ak yon etablisman ankonbreman espesifik, oswa yon fwaye ki byen defini</li> <li>• Konfòmite anplis ak mezi aplikasyon gouvènman</li> </ul>
<p>Espas jewografik Nivo 2, 3, 4 yo (Konte Monroe; Onondaga; Orange; Rockland; Albany; Dutchess; Saratoga; Oneida; Niagara; Broome; Ulster; Rensselaer; Schenectady; Chautauqua; Oswego; Jefferson; Ontario; St. Lawrence; Tompkins; Putnam; Steuben; Wayne; Chemung; Clinton; Cayuga; Cattaraugus; Sullivan; Madison; Warren; Livingston;</p>	<p>Espas Jewografik la demontre rediksyon nan to pozitivite yo (mwayèn mobil 7 jou chak jou) pandan yon peryòd 10 jou EPI li genyen yon to pozitivite 2% (mwayèn mobil 7 jou) pandan omwen 3 jou konsekitif nan fen peryòd 10 jou a.</p>	<p>Espas Jewografik la demontre rediksyon nan to pozitivite yo (mwayèn mobil 7 jou chak jou) pandan yon peryòd 10 jou EPI li genyen yon to pozitivite 3% (mwayèn mobil 7 jou) pandan omwen 3 jou konsekitif nan fen peryòd 10 jou a.</p>	<p>Espas Jewografik la demontre rediksyon nan to pozitivite yo (mwayèn mobil 7 jou chak jou) pandan yon peryòd 10 jou EPI li genyen yon to pozitivite 4% (mwayèn mobil 7 jou) pandan omwen 3 jou konsekitif</p>	

Herkimer; Washington; Otsego; Columbia; Genesee; Fulton; Franklin; Montgomery; Tioga; Cortland; Chenango; Greene; Allegany; Delaware; Orleans; Wyoming; Essex; Seneca; Schoharie; Lewis; Yates; Schuyler; Hamilton)			nan fen peryòd 10 jou a.	lokal la pran yo <ul style="list-style-type: none"> <li>• Koperasyon kominotè pou redwi pwopagasyon viral</li> </ul>
--	--	--	--------------------------	--

### **Modifikasyon nan Zòn Fwaye Aktyèl yo ak Nouvo Zòn Fwaye yo**

#### **Brooklyn - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik**

Pandan 10 jou pase yo:

- Zòn "Ti Fwaye" Wouj: 7.4% - 5.5% (pa satisfè kritè pou soti nan zòn wouj)
- Zòn Tanpon Jòn Abriko: 2.6% - 2.7% (satisfè kritè yo - baze sou okenn ogmantasyon ka remakab pou yon zòn tanpon - pou dezinyasyon kòm Zòn Tanpon Jòn)
- Zòn Tanpon Jòn: 1.5% - 1.7% (pa satisfè kritè pou soti; rete Zòn Tanpon Jòn)

#### **Queens - Kew Gardens/Forest Hills - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik**

Yo te mete ajou kat jewografik sa a pou ajoute katye Ozone Park (Pak Ozone) ki kalifye pou yon dezinyasyon Zòn Jòn.

Pandan 10 jou pase yo:

- Zòn "Ti Fwaye" Wouj: 4.7% - 2.5% (satisfè kritè pou soti nan Zòn Wouj - anba 3% - epi ki satisfè kritè pou antre nan Zòn Jòn - plis pase 2.5%)
- Zòn Tanpon Jòn Abriko: 1.9% - 1.6% (satisfè kritè yo - baze sou okenn ogmantasyon ka remakab pou yon zòn tanpon - pou dezinyasyon kòm Zòn Tanpon Jòn)
- Zòn Tanpon Jòn: 1.9% - 2.1% (pa satisfè kritè pou soti; rete Zòn Tanpon Jòn)

#### **Queens - Far Rockaway - Klike [Isit](#) pou Kat Jewografik**

Pandan 10 jou pase yo:

- Zòn "Ti Fwaye" Wouj: 3.7% - 1.8% (Satisfè kritè pou soti nan Zòn Wouj - anba 3% - epi pa satisfè egzijans pou soti nan tout zòn yo (1.5%) - dezinye kòm Zòn Wouj)
- Zòn Tanpon Jòn Abriko: 4.0% - 1.7% (satisfè kritè yo - baze sou okenn ogmantasyon ka remakab pou yon zòn tanpon - pou dezinyasyon kòm Zòn Tanpon Jòn)
- Zòn Tanpon Jòn: 4.4% - 3.5% (pa satisfè kritè pou soti; rete Zòn Tanpon Jòn)

### **Konte Rockland - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik**

Pandan 10 jou pase yo:

- Zòn "Ti Fwaye" Wouj: 11.6% - 4.8% (pa satisfè kritè pou soti nan zòn wouj)
- Zòn Tanpon Jòn: 9.1% - 6.0% (pa satisfè kritè pou soti; rete Zòn Tanpon Jòn)

### **Konte Orange - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik**

Pandan 10 jou pase yo:

- Zòn "Ti Fwaye" Wouj: 12.8% - 4.2% (pa satisfè kritè pou soti nan zòn wouj)
- Zòn Tanpon Jòn: 19.0% - 1.6% (pa satisfè kritè pou soti; rete Zòn Tanpon Jòn)

### **Konte Broome - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik**

Pandan 10 jou pase yo:

- Zòn Prekosyon Jòn: 4.8% - 4.6% (pa satisfè kritè pou soti nan zòn prekosyon jòn)

### **Konte Steuben - Nouvo Zòn - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik (remake: yon pati nan zòn Steuben lan etann nan Konte Chemung)**

- Nouvo Zòn: Satisfè kritè pou nouvo Zòn Prekosyon Jòn

### **Konte Chemung - Nouv Zòn - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik**



- Nouvo Zòn: Satisfè kritè pou nouvo Zòn Avètisman Jòn Abriko (Zòn Tanpon Jòn ke yo aplike tou)

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 950 (+8)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 152
- **Lopital Konte yo** - 45
- **Kantite ICU** - 201 (+7)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 103 (+4)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 78,645 (+115)
- **Kantite Lanmò** - 7
- **Kantite Lanmò Total** - 25,679

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	DIMANCH	LENDI	MADI
Capital Region	1.1%	0.8%	0.8%
Central New York	1.1%	2.1%	1.9%
Finger Lakes	1.5%	1.4%	1.7%
Long Island	1.0%	0.9%	1.6%
Mid-Hudson	1.4%	1.7%	2.6%
Mohawk Valley	0.3%	0.4%	0.5%
New York City	1.3%	1.3%	1.6%
North Country	1.3%	1.3%	0.6%
Southern Tier	1.2%	1.8%	1.3%
Western New York	0.9%	1.2%	2.0%

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	DIMANCH	LENDI	MADI
Bronx	1.2%	0.9%	1.3%
Brooklyn	1.5%	1.8%	2.2%
Manhattan	0.8%	1.0%	0.9%
Queens	1.6%	1.4%	1.7%
Staten Island	1.3%	1.5%	2.3%

Nan total 488,506 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,460	24

Allegany	224	4
Broome	3,060	57
Cattaraugus	434	17
Cayuga	332	30
Chautauqua	845	40
Chemung	1,381	49
Chenango	337	6
Clinton	220	5
Columbia	659	2
Cortland	451	15
Delaware	161	2
Dutchess	5,366	11
Erie	12,574	61
Essex	194	0
Franklin	78	1
Fulton	360	0
Genesee	372	1
Greene	482	5
Hamilton	16	0
Herkimer	374	3
Jefferson	193	1
Lewis	62	5
Livingston	256	6
Madison	541	4
Monroe	6,850	52
Montgomery	257	1
Nassau	48,864	133
Niagara	1,986	18
NYC	256,046	839
Oneida	2,617	18
Onondaga	5,121	69
Ontario	603	5
Orange	13,258	40
Orleans	376	8
Oswego	599	5
Otsego	369	1
Putnam	1,755	3
Rensselaer	1,047	7
Rockland	17,453	184
Saratoga	1,229	10
Schenectady	1,516	6
Schoharie	101	0

Schuyler	104	4
Seneca	131	3
St. Lawrence	372	4
Steuben	898	14
Suffolk	48,234	113
Sullivan	1,694	12
Tioga	478	19
Tompkins	563	7
Ulster	2,428	9
Warren	441	2
Washington	326	0
Wayne	393	7
Westchester	39,694	78
Wyoming	172	5
Yates	99	1

Yè, te gen 7 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,679. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

<b>Ka lanmò yo dapre konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo ka lanmò yo</b>
Kings	5
Schuyler	1
Westchester	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)